www.esamaad.com

जसमाद first epaper in maithili इसमाद

पटना, 25 दिसंबर, 2010 • अंक-58 • वर्ष-3

24 हजार करोड़ क होएत योजना आकार

समदिया

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क दोसर कार्यकालक पहिल जनता दरबार। आशाक अनुरूप भीड। दूर–दराज़ स पहुंचल लोक। एक दर्ज़न स बेसी विभाग क मामला क सुनवाई। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अलग अंदाज़ मे।

पटना । नव वित्तीय वर्ष मे बिहार क योजना आकार 24 हजार करोड़ टका क होएत। सरकार एहि संबंध मे अपन कवायद शुरू करि देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि गपक जानकारी देलथि अछि। गुजरल वित्तीय वर्ष (2010–11) मे योजना आकार 18 हजार करोड़ टकाक छल। मुख्यमंत्री कहला जे सरकार हर क्षेत्र मे काज करबाक कार्ययोजना क तहत आगू बढ़ि रहल अछि। विभाग क समीक्षा क संग–संग तय कार्य क लेल वित्त प्रबंधन पर सेहो काज भ रहल अछि। उद्यमी कए प्रोत्साहित करबाक उद्देश्य स सरकार 31 मार्च 2011 तक नव औद्योगिक प्रोत्साहन नीति आनत। स्टेट इंवेस्टेमेंट प्रमोशन बोर्ड कए इ दायित्व देल गेल अछि जे ओ निवेशक क समस्या क सेहो समाधान करए। अगर संभव भेल त एहि मास, नहि त अगिला मास उद्यमी पंचायत लगाउल जाएत। मुख्यमंत्री कहला जे राज्य सरकार क कर्मी क समस्या क समाधान लेल सेहो सरकार गंभीर अछि। एहि क्रम मे एहि मास ओ सबटा कर्मचारी संगठन क प्रतिनिधि क संग बैठक करताह। भ्रष्टाचार नियंत्रण क संबंध मे ओ कहला जे सरकार क फैसला क तहत आब ग्रेड एक स तीन तक क सरकारी कर्मी कए वार्षिक रूप स अपन संपत्ति क विवरण देबाक अछि।

आवेदन लेबा लेल बाट पर उतरलाह नीतीश

पटना। आम तौर पर जनता क दरबार मे मुख्यमंत्री कार्यक्रम क फारमेट इ अछि जे एक अणे मार्ग क एक हिस्सा मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक स हुनकर शिकायत क आवेदन लैत छथि मुदा अपन दोसर पारी क पहिल आयोजन दिन स्वयं मुख्यमंत्री एहि फारमेट कए तोड़ि देलथि। दरअसल भीड़ क हाल इ छल जे कतार मुख्यमंत्री आवास क जनता दरबार वाला प्रवेश द्वार स लकए राजकीय अतिथिशाला तक छल। मुख्यमंत्री कए जखन एहि भीड़ क बारे मे जानकारी भेटल त ओ गेट स बाहर निकलि गेलाह आ सड़क पर कतार मे ठार लोक स भेंट करि हालचाल संग आवेदन मांगलथि। एहि दौरान स्थिति इ छल जे सरकार क मशीनरी जाहि मे डीजीपी, गृह सचिव आ आधा दर्जन स बेसी महकमा क प्रधान सचिव सड़क पर मुख्यमंत्री क पाछु–पाछु लोक क शिकायत कए सुनि रहल छलाह। शिकायत लकए पहुंचल लोक क विश्वास क एकटा बानगी इ कहल जा सकैत अछि जे मुख्यमंत्री स मुखातिब एकटा वृद्ध कहला–ए सर हमको अपना कांटैक्ट नंबर दे न दीजिए। मुख्यमंत्री सेहो चौंक गेजाह आ कहला–हमरा नंबर? फेर कहला–अरे मेरा नंबर तो जगजाहिर है भाई। मुख्यमंत्री कए एबा स पहिने कतार मे लागल किछु युवा हंगामा सेहो केलथि। इ सब सिपाही बहाली क जांच करेबाक मांग करि रहल छलाह। मुदा नीतीश कुमार कए एलाक बाद मामला शांत भ गेल। जनता दरबार मे समस्या सुनलाक बाद मीडिया स गप करैत मुख्यमंत्री कहला जे राज्य मे तीन लाख शिक्षक क नियुक्ति कैल जाएत। ओ कहला जे एहि बेर शिक्षक क नियुक्ति क लेल जांच परीक्षा लेल जाएत। जांच परीक्षा मे सफल अभ्यर्थी क सूची क आधार पर विभिन्न नियोजन इकाई द्वारा राज्य मे तीन लाख शिक्षक क बहाली कैल जाएत। एहि स शिक्षक क नियुक्ति मे योग्यता क अनदेखी नहि होएत। मुख्यमंत्री कहला जे राज्य मे शिक्षक प्रशिक्षण महाविद्यालय कए सुदृढ़ कैल जाएत। राज्य मे आओर बेसी मेडिकल आ इंजीनियरिंग कॉलेज खोलबाक प्रयास भ रहल अछि। निजी क्षेत्र मे सेहो जे मेडिकल कॉलेज या इंजीनियरिंग कॉलेज खोलए चाहताह, हुनका हर तरह स मदद देल जाएत। आर्य भट्ट ज्ञान विश्वविद्यालय कए शीघ्र क्रियाशील कैल जाएत। ओ कहला जे मानव संसाधन विकास विभाग द्वारा प्रदेश क पुराने कॉलेज कए सेंटर ऑफ एक्सलेन्स क रूप मे विकसित कैल जा रहल अछि।

बिहार लिखत विकासक नव कथा : नीतीश

समदिया

राजगीर। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहला जे नव साल मे बिहार मे विकास क नव कथा लिखल जाएत। राजगीर क किला मैदान मे तीन दिवसीय राजगीर महोत्सव क उद्घाटन करैत नीतीश कहला जे नव साल मे बिहार मे विकास क नव कथा लिखल जाएत।
नीतीश कहला जे बिहार क तरक्की आ उन्नति करब हमर दायित्व छी आओर जल्द बिहार विकास मे तेजी स आगू बढ़त ताकि एहि प्रदेश क लोक अपन कर्म स बिहारी होएथि। राजगीर महोत्सव क जिक्र करैत ओ कहला जे एहि महोत्सव कए आओर विकसित कैल जाएत आ राजगीर दुनिया क नक्शा पर फेर आनल जाएत, एकरा लेल विशेष प्रयास कैल जा रहल अछि।
राजगीर क ऐतिहासिक महत्ता पर प्रकाश दैत नीतीश कहला जे इ स्थल सूफी–संत क स्थली अछि एहि ठाम स शांति क संदेश पूरा दुनिया मे गेल। नीतीश लोक स एहि ठामक महत्व कए जानबाक आ संत क मार्ग पर चलबाक प्रेरणा लेबाक अपील केलथि। ओ नालंदा अंतरराष्ट्रीय विश्वविद्यालय क जिक्र करैत कहला जे इ विश्वविद्यालय शीघ्र अस्तित्व मे आबि जाएत आओर कहला जे ओ एकरा लेल नई दिल्ली जाकए प्रधानमंत्री स भेंट करताह। प्रदेश मे शिक्षा क्षेत्र क विकास क लेल अपन सरकार द्वारा कैल जा रहल प्रयास क चर्चा करैत नीतीश कहला जे वर्ग एक स लकए नवम वर्ग तक क बच्चा कए ड्रेस देल जा रहल अछि।

नालंदा बनत अंतरराष्ट्रीय पर्यटक स्थल

नालंदा। राजगीर प्रवास क दौरान मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन अधिकारी कए आवश्यक निर्देश देलथि। ओ घोड़ाकटोरा कए ईको टूरिज्म क रूप मे विकसित करबाक निर्देश देलथि। विश्व शांति स्तूप स घोड़ाकटोरा तक कोनो पक्का निर्माण नहि होएत। सबटा सरकारी विभाग स्वीस कॉटेज मे संचालित हाएत। एकर अतिरिक्त पारा–सेलिंग, पारा ग्लाइडिंग आ स्पोर्टस एडवेंचर कए सेहो विक. सित कैल जाएत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आगू निर्देश देलथि जे एहि स्थल पर रात्रि विश्राम क कोनो प्रावधान नहि हेबाक चाही। एकर अलावा राजगीर–जेठीयन मार्ग पर नालंदा जिला क विपुल गिरि आ व्यवहार गिरि मे सेहो ईको टूरिज्म विकसित करबाक निर्देश देलथि। बाद मे ओ इंटरनेशनल कन्वेंशन सेंटर क सेहो मुआयना केलथि।

सुर क जंग मे महकल माटिक सुगंध

सुषमा राय/ प्रीतिलता मल्लिक

गुलाबी सर्दी क मौसम मे गीत क गर्मी बिहारक तीनटा शहरक वातावरण कए गुलजार बना देने छल। भागलपुर महोत्सव, राजगीर महोत्सव आ पटना मे महुआ टीवीक सुर संग्रामक ग्रंड फेनाले। भागलपुर मे रिकार्ड तोड भीड आ राजगीर मे विदेशी पाहुनक चहल पहल जतए बिहार क बदलैत माहौल कए गवाह बनल, ओहि ठाम पटनाक गांधी मैदान मे भेल सुर संग्राम मे 50 गोट उपद्रवी क हंगामा प्रायोजित बुझा रहल अछि। ओनाओ इ कार्यक्रम जनताक सहभागिताक नजरि स ओतेक महत्वपूर्ण नहि छल। तथापि इ एकटा बाहरि लोक लेल उदाहरण त जरूर बनत।
भागलपुर महोत्सव क गप करि त किशोर दा क मातृक एक बेर फेर महोत्सव क माध्यम स उभरैत कलाकार कए तकबाक आ तराशबाक प्रयोगशाला बनल। स्थानीय टीटीसी परिसर मे आयोजित महोत्सव मे स्थानीय गायक सब अपन सुर क जरिए अपन गायकी क छाप छोड़लक। भागलपुरी संस्कृति कए सुरक्षित रखबा लेल कैल गेल इ आयोजन पूर्णतः सफल रहल। पिछला पांच साल स भ रहल भागलपुर महोत्सव मे भीड साल दर साल बढि रहल अछि। एहि साल महोत्सव क विभिन्न प्रतियोगिता मे करीब 1500 प्रतिभागी भाग लेलथि, जे एकटा रिकार्ड अछि। नाट्य परंपरा कए जीवित रखबा लेल शुरू भेल इ महोत्सव आइ संगीत क कईटा विधा कए पहरेदार बनि गेल अछि। महोत्सव देखबा लेल आयल लोक सब भीड़ देख अचंभित

छथि। भीड़ क आगू जगह छोट पड़ि रहल छल, एकर बावजूद कोनो हंगामा नहि। लोक कए देखि कए सहज इ अनुमान लागि जाइत छल जे एहि ठाम क दर्शक सेहो संगीत साधक स कम नहि छथि है। नव साल क एहि स नीक आओर कि स्वागत भ सकैत अछि। एक जमाना छल जखन बहुत रास बंगाली परिवार भागलपुर स पलायन करि गेल छल। आइ ओहि सपन दा क कहब छल जे भागलपुर अपन रूप मे वापस आबि रहल अछि।
बदलाव क इ बयार खाली भागलपुर महोत्सव मे नहि देखबा मे आयल। राजगीर महोत्सव मे सेहो एहि बेर पिछला बेर स बेसी भीड देखल। विदेशी पाहुन लेल आरक्षित सीट भरल छल। पहिने जेकां एहि पर स्थानीय लोकक कब्जा नहि छल। रविवार दिन लंबा इंतजार क बाद पाश्र्व गायिका सपना अवस्थी मंच पर एलथि त जोरदार ताली इ कहि रहल छल जे पहिने जेकां देर भेला पर आब कुर्सी नहि उछलत। ओ जख बन्नो तेरी अखियां शीर्षक गीत शुरू केलथि त दर्शक शांत भ कए रहल, मुदा छैयां–छैयां स महफिल मे नचनिहार अपना कए रोकि नहि सकलाह। दर्शक दीर्घा मे बैसल विदेशी पाहुन सेहो बड़ उत्सुकता स बिहारक सभ्यता आ सांस्कृतिक क दर्शन करि रहल छलथि।
पटना मे इ बुझब कठिन अछि जे हंगामा किया भेल। जखन कि पटनाक कार्यक्रम मे राज्यपाल सहित कईटा विशेष अतिथि मौजूद छलाह, सुरक्षाक पुख्ता इंतजाम छल, तकर बाद कोनो अज्ञात गप लेल भेल हुडदंग एहन आशंका जता रहल अछि जे एकर पाछु कोनो प्राजोजित मंशा छल। ओना एहि लेल कार्यक्रमक आयोजनकर्ता पूरा जिम्मेदार छथि किया कि गांधी मैदान मे पुस्तक मेला चलि रहल अछि आ काफी संख्या मे लोक ओहि जमा होइत अछि, मुदा कोनो प्रकारक हंगामा ओहि ठाम नहि भेल अछि, एहन मे अगर एहि ठाम हंगामा भेल त चूक दर्शक मे कम आयोजनकर्ता मे बेसी देखा रहल अछि।

बख्तियारपुर आ ताजपुरक बीच गंगा नदी पर बनत महासेतु

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्य क सर्वागीण विकास क प्रति अपन प्रतिबद्धता एक बेर फेर जतेलहाल अछि। कुमार कहला अछि जे समस्तीपुर जिला क ताजपुर क आस–पास क इलाका कए पटना स जोड़बा लेल बख्तियारपुर मे गंगा नदी पर एकटा महासेतु क निर्माण कैल जाएत। बख्तियारपुर रेलवे स्टेशन पर बख्तियारपुर–गया 355–356 इएमयू पैसेंजर ट्रेन कए शुभारंभ करबाक बाद एकटा कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री कहला जे राजग सरकार राज्य क सर्वागीण विकास क लेल कृत संकल्प अछि। एहि लेल गंगा नदी पर एकटा महासेतु क निर्माण होएत। बख्तियारपुर स गया क बीच इ रेलसेवा शुरू करबाक लेल मुख्यमंत्री रेल मंत्री ममता बनर्जी आओर रेल अधिकारी क प्रति आभार जतेलाह। नीतीश कुमार पटना–बेंगलूर क बीच सप्ताह मे छह दिन चलैवाला संघमित्रा एक्सप्रेस क फेरा बढ़ेबाक घोषणा केलथि। मुख्यमंत्री कहला जे पैसेंजर ट्रेन क अलावा बख्तियारपुर आ गया क बीच एक्सप्रेस ट्रेन क परिचालन करबा लेल ओ रेल मंत्री कए पत्र लिखकए अनुरोध करताह।

समापन क बाद सेहो सोनपुर मेला मे भीड 50 हजार

समदिया

सोनपुर। हरिहर क्षेत्र सोनपुर मेला क इतिहास मे एहन पहिल बेर भेल जे सरकारी स्तर पर एकर समापन क घोषणाक बावजूद दर्शक क भीड़ कम नहि भेल, जाहि स मेला मे लागल दुकान समेटल नहि जा सकल। मेला आयोजन समितिक क लोक क कहब अछि जे सरकारी स्तर पर हरिहरक्षेत्र सोनपुर मेला क रविदिन समापन भ गेल। एहि समापन क प्रभाव केवल राज्य आओर केन्द्र सरकार क विभिन्न प्रदर्शनी पर पड़ल। इ प्रदर्शनी समटा गेल। मुदा मेला मे दर्शक क भीड़ नखास स चिड़िया बाजार मोड़ आ ड्रोलिया चौक होइत हरिहर नाथ मंदिर तक क लगभग एक किलोमीटर क भू–भाग पर शिफ्ट भ गेल अछि। एखनो मेला मे 50 हजार स बेसी दूरदराज क दर्शक पहुंचलथि अछि आओर जमकए खरीदारी भ रहल अछि। भीड़ मे ग्रामीण क्षेत्र क महिला क संख्या बेसी अछि। घरेलू जरूरत क चीज क बिक्री तेज भ गेल अछि। मेला मे जम्मू–कश्मीर स आयल एक दर्जन स बेसी दुकानदारक अलावा लुधियाना, अमृतसर, पानीपत, सोनीपत, सहारपुर, हरिद्वार, मेरठ, मुजफ्फर नगर, नीरपुर आदि व्यापारी एहि ठाम स एखन जेबा लेल तैयार नहि छथि। बिक्री स दुकानदार उत्साहित दथि आ अगिला 15–20 दिन तक मेला मे ठहरबाक इरादा व्यक्त करि रहल छथि। प्रशासन आ राजस्व मंत्री रमई राम दूनू गोटे एहि आलोक मे सबटा आवश्यक सेवा कए बहाल रखबाक घोषणा करि देलथि अछि। व्यापारीक सुरक्षा क लेल मेला क प्रत्येक बाजार मे पुलिस क सघन गश्त जारी अछि।

कान्फ्रेंसिंग रूम देख गदगद भेला किसान

भागलपुर। बिहार एग्रीकल्चर यूनिवर्सिटी (बीएयू) कए विश्वस्तरीय बनेबाक कवायद मे एक संथ 40 गोटे क बैसबा जोकर एकटा कान्फ्रेंसिंग रूम तैयार कैल गेल अछि। कान्फ्रेंसिंग रूम मे भेल पहिल बैठक मे दूर–दराज स आयल प्रगतिशील किसान एकरा देखिकए गदगद भ गेलाह। किसान क कहब छल जे बहुत बढ़िया आ हाईटेक अछि इ रूम। एहि ठाम न केवल कान्फ्रेंसिंग रूम, बल्कि वीसी कक्ष, वीसी सेल आ डीन एग्रीकल्चर क कक्ष क सेहो साज–सज्जा स्तरीय अछि। हाईटेक आ वातानुकू. लित बनल एहि कोठली कए कार्डलेस ऑडियो सिस्टम, वायरलेस प्रोजेक्टर, स्मार्ट चेयर, हाईफाई लाइट स सुसज्जित कैल गेल अछि। एकरा तैयार करबा मे दस लाख टका खर्च भेल अछि। एकर अलावा 15 लाख क लागत स वीसी चौंबर, 7 लाख क लागत स वीसी सेल आ 6 लाख खर्च क डीन एग्रीकल्चर क चौंबर तैयार भेल अछि। हार्टीकल्चर विभाग मे 60 गोटे कए बैसबा जोकर हाईटेक सेमिनार हॉल लगभग बनि कए तैयार अछि। बीएयू क सबटा डीन डायरेक्टर आ अन्य अधिकारीक चौंबर सेहो हाईटेक तरीका स तैयार करि सबटा आधुनिक सुविधा उपलब्ध कराउल जा रहल अछि। फिलहाल चौंबर तैयार करबा मे 2 करोड़ क राशि खर्च भ चुकल अछि। कॉरपेरेट सेक्टर क भांति सबटा हॉल आ चैंबर बनि रहल अछि। भारत सरकार क अधीन कार्यरत राष्ट्रीय उपभोक्ता सहकारी संघ नोएडा क कंपनी एनसीसीएफ क प्रतिनिधि मनोज कुमार क निगरानी मे एकरा बनाउल जा रहल अछि। सेंट्रल स्टोर क इंचार्ज सह वरीय वैज्ञानिक डॉ. रंधीर कुमार कहला जे विश्वस्तरीय बनेबा लेल एकरा आधुनिक उपकरण स लैस कैल जा रहल अछि। ताकि एकबारगी एकरा देखिकए लोक क बिहारक प्रति धारणा बदलि जाए। बीएयू क प्रेक्षागृह कए सेहो हाईटेक बनेबाक संग–संग विश्वविद्यालय क पूरा परिसर कए वाई–फाई सिस्टम स ऑन लाइन करबाक काज भ रहल अछि।

महग पड़त विधायक कए पीटब, होएत स्पीडी ट्रायल

पूर्णिया। रुपौलीक विधानसभा सह जदयू नेता बीमा भारती कए पीटब हुनकर वर कए महग पड़त। राज्यक मुखियाक निर्देश पर पुलिस एहि मामला क जांच स्पीडी ट्रायल स करेबाक फैसला केलक अछि। फिलहाल, बीमा भारती क पतिदेव अवध. श मंडल एहि मामला मे जेल मे बंद छथि। अवधेश मंडल क आपराधिक इतिहास रहल अछि। पूर्णिया क एसपी नैयर हसनैन खान क अनुसार विधायक क पिटाईक मामला कए पुलिस स्पीडी ट्रायल कराएत। एकर अलावा एसपी क आदेश क बाद पटना क पीएमसीएच मे इलाजरत विधायक बीमा भारती क सुरक्षा आओर बढ़ा देल गेल अछि। पुलिस विधायक क अंगरक्षक स सेहो एहि घटना क संबंध मे बयान दर्ज करबा रहल अछि। एहि मामला मे पुलिस पति समेत नौ गोटे कए अभियुक्त बनेलक अछि। पुलिस गाड़ी क चालक कए सेहो गिरफ्तार करि लेलक अछि। हालांकि, अन्य आरोपी अब पुलिस गिरफ्त स बाहर छथि।

एक करोड क विपक्ष आ बिहारक बदलैत राजनीति

कुमुद सिंह

मुख्यमंत्री क रूप मे नीतीश जे केलथि ओ हुनकर काज छल, मुदा विपक्षक दिस स एहन कोनो पहल नहि भेल जे नीतीशक एहि पहल कए विशेष बनेबा स रोकि सकए। नीतीशक सब दौरा क बाद राजद क दिस स दौरा क घोषणा भेल मुदा लालू रथ कए झंडा देखेबाक अलावा कहियो ओहि पर बैस गाम जा ओहि ठाम रहबाक कोशिश नहि केलाह। रामविलास त डाक बंगलास विधानसभाक गेट तक अबैत–अबैत थाकि जाइत छथि।

एहि बेरक चुनाव मे जदयू कए 65.5 लाख वोट (22.56 प्रतिशत) आ भाजपा कए 47.8 लाख वोट (16.49 प्रतिशत) भेटल अछि, जखनकि राजद कए 54.5 लाख वोट (18.84 प्रतिशत) आ लोजपा कए 19.5 लाख वोट (6.74 प्रतिशत) भेटल अछि। कांग्रेस कए 243 सीट पर 24.3 लाख वोट (8.37 प्रतिशत) भेटल अछि। एहन मे इ कहब असंभव अछि जे लालू आ पासवान कए केवल यादव, पासवान आ मुस्लिम वोट भेटल अछि। जखनकि उच्चजाति, महादलित आ परसमांदा कए जोडि कए देखल जाए त राजग क खाता मे तीगुणा वोट अबैत अछि। एहि स साफ अछि जे उच्चजातिक मोट वोट विपक्ष कए भेटल, मुदा एहि तबकाक मौगी राजग कए वोट द राजनीति विश्लेषणक 26 साल पुरान फार्मूला कए गलत करार द देलथि।

बिहार विधानसभाक चुनाव खत्म भ गेल आ नीतीश कुमार अपार बहुमतक संग सत्ता पर फेर काबिज भ गेलाह। एहि चुनाव स तीनटा गप सामने आयल। जेकर चर्चा करबाक आब उचित समय आयल अछि। कारण इ जे पिछला एक मास मे पूरा देश नीतीशक एहि जीत कए अपन अपन नजरि स देखबैत आ बुझबैत रहल। पहिल गप इ जे भारतीय मीडिया एक बेर फेर बिहार कए बुझबा मे मात खा गेल। दोसर इ जे जातिवाद खत्म भेल त केवल अंगना मे दलान पर जाति पहिने जेकां मजबूत रहल। तेसर आ सबस महत्वपूर्ण गप इ जे लालू आ पासवान दूनू गोटे नीतीश स बेसी हुनकर राजनीति करबाक शैली कए खत्म करबाक प्रयत्न करैत रहलाह।

भारत मे चुनाव विश्लेषण क इतिहास पुरान अछि, मुदा आइ जहि रूप मे इ भ रहल अछि ओकर शुरूआत 1984 स भेल। पिछला 26 साल स एहि लेल एकटा तय फार्मूला बना लेल गेल छल, जेकर आधार पर दिल्ली आ पटना मे लोक संभावना आ आशंका जता दैत छल, मुदा बिहार एहि बेर जे सवाल पर मतदान करबा लेल तैयार छल, ओकर उत्तर एहि फार्मूला स निकलब संभव नहि छल। वोटर लिस्ट मे जातिक उपनाम देखी जीत हार क आंकलन करब भारतीय मीडिया लेल भारी पडि गेल। एहि कारण स भारतीय मीडिया कए इ परिणाम चौंका देलक। आशा स कहीं अधिक सीट देख राजग स बेसी भारतीय मीडिया पगला गेल आ आपाधापी मे इ घोषणा तक करि देलक जे बिहार मे जातिवाद खत्म भ गेल। मीडिया इ देखबाक जा देखेबाक कोशिश तक नहि केलक जे राजग कए विपक्ष स महज 20 लाख वोट बेसी भेल अछि। एहि बेरक चुनाव मे जदयू कए 65.5 लाख वोट (22.56 प्रतिशत) आ भाजपा कए 47.8 लाख वोट (16.49 प्रतिशत) भेटल अछि, जखनकि राजद कए 54.5 लाख वोट (18.84 प्रतिशत) आ लोजपा कए 19.5 लाख वोट (6.74 प्रतिशत) भेटल अछि। कांग्रेस कए 243 सीट पर 24.3 लाख वोट (8.37 प्रतिशत) भेटल अछि। एहन मे इ कहब असंभव अछि जे लालू आ पासवान कए केवल यादव, पासवान आ मुस्लिम वोट भेटल अछि। जखनकि उच्चजाति, महादलित आ परसमांदा कए जोडि कए देखल जाए त राजग क खाता मे तीगुणा वोट अबैत अछि। एहि स साफ अछि जे उच्चजातिक मोट वोट विपक्ष कए भेटल, मुदा एहि तबकाक मौगी राजग कए वोट द राजनीति विश्लेषणक 26 साल पुरान फार्मूला कए गलत करार द देलथि।

सवाल उठैत अछि जे मौगी अपन परिवार स विद्रोह किया केलक, हम विद्रोह शब्दक प्रयोग परिणामक बाद मौगी सब पर भ रहल हमला कए देखैत करि रहल छी, नीतीश कुमार पिछला कार्यकाल मे सबस बेसी मौगी पर फोकस केलथि, एक कात कानून व्यवस्था मे सुधार स सबस बैसी चैन मौगी कए भेटल, त दोसर दिस पंचायत मे 50 फीसदी आरक्षण द सत्ता स दूर एहि जमात कए थोक मे मुखिया बना देलथि। संसद मे आरक्षण लेल शरदक विरोधक बावजूद नीतीशक पहल इ साफ संदेश देलक जे ओ लालू जेकां मौगीक नामपर टोकन राजनीति नहि करैत छथि। मौगी कए उच्च जातिक पुरूष जेकां कार्यालय मे हाजिर अनिवार्य भेला स कोनो कष्ट नहि छल, ओकरा ठेकेदारी नहि भेटबा क कोनो दुख नहि छल, ओकरा सत्ता मे भागीदारी स वंचितो नहि राखल गेल छल। फेर आखिर ओ लालू या कांग्रेसक संग देबा लेल कोना तैयार भ सकैत छल।

बिहारक राजनीति मे एतबा जडता आबि चुकल छल जे कोनो नेता एकरा तोडबाक बाट नहि ताकि सकल छल। पटनाक गांधी मैदान मे जुटल भीड एहि जडता कए आओर कठोर बना रहल छल। एहि जडता कए तोडबा लेल नीतीश मुख्यमंत्री क व्यस्तता क बीच चारि बेर बिहारक गाम–गाम घुमलाह आ आखिरकार जडता कए तोडबाक फार्मूला ताकि लेलाह। विपक्ष एहि ठाम चूकि गेल। उच्च जातिक किछु पैघ आधारवाला नेता एक दिस पटनाक गांधी मैदान मे अपन गप कहबा लेल जनता कए बजेलथि, त दोसर दिस नीतीश जनताक गप सुनबा लेल गाम–गाम घुमि रहल छलाह। इ शुरूआत छल जनता आ नेताक बीच बदलैत संबंधक। कांग्रेसकाल स चलल आबि रहल इ परंपरा बिहार लेल नव छल आओर नेता लेल खतराक घंटी। आइबी आ सर्किट हाउस मे रहि कए चुनाव प्रचार करनिहार कांग्रेसी कए मंच स भाषण देबाक आदत ल डूबल। 90 मे जखन लालूक उदय भेल त सबस पैघ अपील इ रहल जे लालू मंच स कांग्रेसी जेकां भाषण नहि दैत छलाह, बल्कि ओ जनता स गप करैत छलाह। नीतीश एहि स एक डेग आगू बढि कए जनता स गप करबा लेल ओकर दुहारि तक जेबाक शुरूआत केलथि। पार्टी नेताक बस पर चढि पटनाक गरीब रैली मे जे नहि आबि सकैत छल ओ सेहो नीतीश कए सुनलक, देखलक। लोक मे इ संदेश गेल जे नीतीश मुख्यमंत्री भ कए गाम–गाम आबि रहल छथि, जखन कि लालू–पासवान लग कोनो काज नहि अछि तखनो गाम एबाक समय नहि अछि, इ मुख्यमंत्री बनताह त पटनो मे दर्शन नहि देताह। एहि चुनाव मे कोसी सबहक लेल चुनौति छल, मुदा एहि ठाम सेहो नीतीशक इ पहल सफल रहल। बाढ बिहार लेल नव चीज नहि अछि। सब साल अबैत अछि। कोसीक बाढ बिकराल छल। क्षति अपार भेल। मुदा एहि बाढ मे जे भेल ओ पहिने कहियो नहि भेल छल। बिहार कि देश मे एकटा परंपरा बनि गेल अछि जे बाढ वाला इलाका मे नेता हवाई सर्वे करि कए जनता पर उपकार करि दैत छथि। नीतीश एहि तरहक उपकार नहि केलाह। ओ सात दिन कोसी क इलाका मे प्रवास करि राहतक काजक जायजा लैत रहलाह। इ ओ समय छल जखन नीतीशक संग कोनो विपक्षक नेता ओहि इलाका मे राति नहि बितेलक।

दिल्ली आ पटना मे बैसल मीडियाक लोक इ एहसास नहि करि सकेत अछि जे बिहारक कोनो गाम मे पांच बजे भोर मे उज्जर चादर मे लिपटल कोनो मुख्यमंत्री जखन एकटा दलितक दुहारि पर इ पूछबा लेल ठार हुए जे अहांकए लालकार्ड भेटल, त ओ दलित मौगी लेल इ नीतीश ओ नीतिश अर्थात महादेव स कम नहि। मुख्यमंत्रीक रूप मे नीतीशक एप्रोचक सबस बेसी असर मौगी पर भेल, किया कि ओ भाषण सुनबा लेल मैदान पर नहि जाइत छल।

नीतीश मुख्यमंत्री भ कए जनता स योजनाक बारे मे पूछबा लेल गाम–गाम जाइत रहलाह, मुदा लालू या पासवान इ देखबा लेल गाम कहियो नहि गेलाह जे जनता कए लालकार्ड, जॉबकार्ड नहि भेट रहल अछि। लालू या पासवान अपन कोनो कार्यकर्ता कए प्रखंड मुख्यालय मे शिविर लगा लालकार्ड या जॉबकार्ड चाहनिहार लेल मदद करबाक पहल नहि केलथि। मुख्यमंत्री क रूप मे नीतीश जे केलथि ओ हुनकर काज छल, मुदा विपक्षक दिस स एहन कोनो पहल नहि भेल जे नीतीशक एहि पहल कए विशेष बनेबा स रोकि सकए। नीतीशक सब दौरा क बाद राजद क दिस स दौरा क घोषणा भेल मुदा लालू रथ कए झंडा देखेबाक अलावा कहियो ओहि पर बैस गाम जा ओहि ठाम रहबाक कोशिश नहि केलाह। रामविलास त डाक बंगलास विधानसभाक गेट तक अबैत–अबैत थाकि जाइत छथि।

आइ बिहारक विपक्ष एक करोड मतदाता उम्मीद अछि। जाहि मे सब जातिक लोक छथि। सवाल उठैत अछि जे एक करोड मतदाताक उम्मीदवाला विपक्ष अपन पुरान शैली स नीतीशक काट कोना तैयार करत। हार आ जीत स बेसी ओकर कारण आ निराकरण करबाक गंभीर पहलक जे उम्मीद विपक्ष स कैल जा रहल छल, ओ सामने नहि आयल। अपन छह गोट संबंधी कए चुनाव मैदान मे ठार केनिहार पासवान बिहार स बेसी कश्मीर लेल चिंतित छथि। एक मास बीत गेल राजद गाम–गाम त नहि गेल, गाम स अपन कार्यकर्ता कए पटना नहि बजा सकल अछि। राजद एहि विषय पर एखन धरि बैठक नहि क सकल अछि। अपन 22टा विधानसभा क्षेत्र मे सबगोटे कए लालकार्ड आ जॉब कार्ड भेट सकए तेकरा लेल कोनो योजना तैयार नहि करि सकल अछि। विपक्ष कए अपन विधानसभा क्षेत्र मे विकासक काज राजग क विधानसभा क्षेत्र क विकास काज स बेसी तेज रखबाक जरूरत अछि। अपन क्षेत्र मे योजनाक क्रियान्वयन ठीक स करि विपक्ष सत्ता पक्षक सामने ठोस उत्तर द सकैत अछि। मुदा एहि दिस काज करबाक बदला मे विपक्षक दूनू पैघ नेता देश भ्रमण पर छथि।

एहन मे इ जरूर कहल जा सकैत अछि जे नीतीश बिहार कए ककरो स बेसी बेहतर ढंग स बुझि रहल छथि। एहि कारण स जखन नीतीश अपन दोसर पारी शुरू करि रहल छथि त ओ जानैत छथि जे हुनकर मुकाबला ककरो आन स नहि बल्कि खुद नीतीश स अछि। नीतीशक अपन आ अपन मंत्री क संपत्ति क घोषणा करबाक फैसला सार्वजनिक जीवन मे खत्म भ रहल शुचिता क उच्चतम स्तर कए लौटेबा मे मददगार भ सकैत अछि। एक मासक भीतर एक कात नीतीश विधायक फंड समाप्त केलथि आ सेवा क अधिकार लागू करबाक कोशिश शुरू केलथि अछि। त दोसर दिस पासवान कश्मीर मे मसला सुलझेबाक कोशिश क रहल छथि आ लालू पार्टी बैठक करबा स कतरा रहल छथि। एहन मे इ कहब एखनो मुश्किल अछि जे बिहारक बदलैत राजनीति मे एक करोड क विपक्ष केतबा बदलत।

अंक- 58, साल-3, इसमाद प्रकाशन क लेल esamaad.com स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित। प्रबंधक : छवि झा, संपादक : कुमुद सिंह*, समाचार संपादक : पुतुल सिंह। (*खबरक चयन लेल जिम्मेदार)। फोन : 011-22484593, 09250281098, ई-मेल : esamaad@gmail.com